

Enfòmasyon sou Enskripsyon ak Elijibilite pou Fanmi Imigran

Ou ka elijib pou enskri nan yon plan sante prive atravè Maryland Health Connection, mache ofisyèl pou asirans sante eta a, si ou nan peyi Etazini sou sèten estati imigrasyon oswa si w te aplike pou sèten estati prezans legal.

Ou kapab toujou aplike pou pwoteksyon sante atravè Maryland Health Connection menm si se pa tout manm fanmi w ki gen yon estati imigrasyon ki kalifye pou pwoteksyon. Yo p ap mande moun ki p ap fè demann pou pwoteksyon yo estati imigrasyon yo.

Ou pa bezwen yon Nimewo Sekirite Sosyal (SSN) ni yon Nimewo Idantifikasyon Kontribyab Endividiyèl (ITIN) pou aplike pou pwoteksyon. Sepandan, si w fè demann pou asistans finansye epi ou ranpli deklarasyon enpo, y ap mande w pou bay SSN ou.



Vizite MarylandHealthConnection.gov pou konnen si w elijib pou asirans sante gratis oswa a ba pri.

Estatimigrasyon sila yo elijib pou enskri nan yon plan asirans sante kalifye:

Rezidan Pèmanan Legal (Lawful Permanent Resident, LPR) ki rantre nan peyi Etazini apre 22 out 1996

- Yo souvan rele yo "Moun ki gen Grinkat (Kat Rezidans)."
- Moun ki aplike pou Ajisteman LPR avèk yon viza ki apwouve ka elijib tou.

Estatimigrasyon sila yo elijib pou enskri nan yon plan asirans sante kalifye:

- Sa gen ladan benefisyè DACA (Aksyon yo Repòte pou Moun ki Antre pandan yo Timoun) yo.
- Yo ka akòde yon òdonans administratif pou kanpe depòtasyon yo pou yon kantite rezon limite, tankou laj, kondisyon fizik oswa "rezon sou baz konpasyon."

Akòde otorizasyon travay

Moun ki benefisyè azil

- Nenpòt moun ki genyen yon aplikasyon pou azil ke yo apwouve e ki genyen otorizasyon travay tou.
- Nenpòt moun ki genyen yon aplikasyon pou azil ki annatant, kèlkeswa estati otorizasyon travay li.
- Nenpòt moun ki gen mwens pase laj 14 lane ki gen yon aplikasyon pou azil ke yo apwouve oswa ki annatant.

Etranje ki rantre Etazini anvan 22 out 1996

- Yo souvan rele yo "Moun ki gen Grinkat (Kat Rezidans)."
- Moun ki aplike pou Ajisteman avèk yon viza ki apwouve ka elijib.

Refijye

Depa Fòse ki Repòte

Konjen, paran oswa timoun ki sibi vyolans (Selon Lwa sou Vyolans Kont Famn oswa VAWA)

Etranje ki benefisyé otorizasyon tanporè pou rantre nan peyi Etazini pou omwen yon lane

Viktim trafik moun ak konjen, timoun, frè ak sè oswa paran

- Yon moun k ap aplike pou Viza Victim Trafik Moun ka elijib tou.

Veteran, militè ki nan sèvis aktif ansanm ak konjen yo

- Konjen sivivan ki pa remarye ak ptit veteran oswa militè ki nan sèvis aktif ka elijib tou.

Estatu Pwoteksyon Tanporè (Temporary Protected Status, TPS) nan peyi Etazini ki soti nan peyi yo deziyen yo (gade sitwèb USCIS.gov la pou lis ki gen kounye a)

- Yon moun k ap aplike pou TPS avèk otorizasyon travay ka elijib tou.

Nenpòt moun ki genyen yon aplikasyon pou ajisteman estati ke yo apwouve oswa ki annatant

Rezidan Tanporè Legal selon Lwa sou Refòm ak Kontwòl Imigrasyon an (Immigration Reform & Control Act, IRCA) ansanm ak dispozisyon ki lye ak inite familyal selon Lwa LIFE la

- Moun k ap aplike pou IRCA oswa Lwa LIFE, plis otorizasyon travay ka elijib tou.
- Moun k ap aplike pou Anrejistre pou estati legal, plis otorizasyon travay ka elijib tou.
- Yon timoun ki gen aplikasyon annatant pou estati Imigran Jèn Moun Espesyal ka elijib tou.
- Yon moun k ap aplike pou Sispansyon Depòtasyon oswa Anilasyon Ekspilsyon, plis yon otorizasyon travay ka elijib tou.

Nenpòt moun ki genyen yon aplikasyon pou Anilasyon Depòtasyon ke yo apwouve oswa ki annatant ki genyen otorizasyon travay tou, oswa nenpòt moun ki gen pi piti pase laj 14 lane ki genyen yon aplikasyon pou Anilasyon Depòtasyon ke yo apwouve oswa ki annatant.

Sitwayen Zile Machal, Mikwonezi ak Palaòs

Rezidan Legal Samoa Ameriken selon lwa sou imigrasyon li yo

Resòtisan Irakyen ak Afgan ki te travay pou oswa nan non Gouvènman Ameriken an nan peyi Irak oswa Afganistan

Manm yon tribi Endyen ke gouvènman federal la rekònèt oswa Amerendyen ki fèt Kanada

Patisipan Kiben/Ayisyen

Moun ki sou yon Òdonans Siveyans avèk yon otorizasyon travay

Estatu non-imigran ki pa nan vyolasyon, ki enkli etidyan, viza U ak V, viza HB-1 ak viza J

- Diplomat oswa fonksyonè gouvènman etranje (A); pèsonèl militè etranje ki gen afektasyon nan peyi Etazini (A-2)
- Vizitè tanporè pou rezon biznis (B-1); vizitè tanporè pou plezi, etid rekreatif, oswa tretman medikal (B-2)
- Moun k ap Fè Tranzit Etazini (C)
- Manm ekipaj (D)
- Komèsan sou trete (E-1); envestisè sou trete (E-2); Espesyalite pwofesyonèl ostralyen (E-3)
- Elèv (pa pwofesyonèl) (F)
- Anplwaye yon òganizasyon entènasyonal ki deziyen (G)
- Travayè pwofesyonèl tanporè nan yon pwofesyon espesyalize (H-1B); Pwofesyonèl selon yon Akò Lib-Echanj: Chili, Sengapou (H-1B1); Mànken (H-1B3); Entimyè nan ka mank pwofesyonèl sante (H-1C); Travayè agrikòl tanporè (H-2A); Travayè non-agrikòl tanporè (H-2B); Estajè yon viziè edikasyon espesyal (H-3)
- Medya, jounalis (I)
- Vizitè ki nan pwogram echanj (J)
- Moun yo transfere nan yon konpayi (L)
- Fiyanse k ap marye avèk yon sitwayen ameriken (K-1), Konjen ki fèt aletranje k ap tann Grinkat (Kat Rezidans) (K-3)
- Atlèt oswa manm yon gwoup divètisman (P-1); Atis oswa animatè (P-2; P-3)
- Paran oswa timoun yon Imigran Espesyal (N)

- Moun ki genyen kapasite oswa reyalizasyon ekstrawòdinè (O)
- Elèv (pwofesyonèl) (F)
- Patisipan nan yon pwogram echanj kiltirèl entènasyonal (Q-1)
- Travayè relije (R)
- Konwen ak pitit yon Rezidan Pèmanan Legal (V)
- Víktim trafik moun (T)
- Víktim aktivite kriminèl (U)

Nenpòt moun ki pa sitwayen ke yo apwouye petisyon pou Visa epi ki genyen yon aplikasyon pou ajisteman estati ke yo apwouye oswa ki annatant

Nenpòt moun ki genyen yon aplikasyon
Pwolonjman/Chanjman estati non-imigran
ki annatant

Moun ki gen aplikasyon pou petisyon Visa ki annatant ke yo te akòde otorizasyon travay

Moun ki gen aplikasyon pou reparasyon nan kad Konvansyon kont Tòti (Convention Against Torture, CAT) a ke yo te akòde otorizasyon travay



Enfòmasyon siplemantè

Medicaid:

Enskripsyon nan Medicaid fèt pandan tout ane a.
Pou konnen si estati imigrasyon w kapab kalifye w pou w enskri, aplike nan **MarylandHealthConnection.gov** oswa jwenn asistans gratis, an pèsòn nan **MarylandHealthConnection.gov/help**.

Se sèlman kèk estati imigrasyon ki pèmèt yon moun kalifye pou resevwa Medicaid. Anplis, pou pifò estati imigrasyon yo, ou dwe nan peyi Etazini legalman pandan senk lane ("limit senk lane a") avan w kapab elijib pou Medicaid, men gen yon kantite gwoup limite ki egzante pou egzijans senk lane sa a. Timoun ki gen mwens ke 21 lane p ap tonbe anba egzijans senk lane a. Moun ki ansent elijib pou Medicaid, kèlkeswa estati imigrasyon yo.

Sèvis Medikal Dijans:

Si w pa gen okenn nan estati imigrasyon ki nan lis anwo a epi ou te genyen yon ijans medikal resan, gen posiblite ke ou ka aplike pou Sèvis Medikal Dijans. Pou plis enfòmasyon sou pwoteksyon pou depans nan Sèvis Medikal Dijans la oswa pou aplike, tanpri vizite Depatman Sèvis Sosyal lokal ou a nan mydhrbenefits.dhr.state.md.us/dashboardClient/#/dssMap.